

DEMANN POU ADMINISTRE MEDIKAMAN 2025-2026

Si pitit ou bezwen pran medikaman (sou preskripsyon oswa san preskripsyon) pandan jounen lekòl la, paran/gadyen an dwe ranpli fòm demann sa a epi remèt li bay Madam Hall oswa Madam Wallace. Si se yon doktè ki preskri medikaman an, ou dwe bay yon preskripsyon ekri nan men doktè timoun nan oswa etikèt famasi aktyèl la ansanm ak demann lan. Yon lòd doktè nesèsè tou pou echantiyon medikaman sou preskripsyon yo te bay elèv la, oswa pou nenpòt medikaman san preskripsyon ki PA rekòmande pou timoun ki poko gen 12 an.

OTORIZASYON PARAN/GADYEN

Mwen mande pou yo administre medikaman ki dekri anba a bay pitit mwen nan lè yo espesifye pandan jounen lekòl la. Mwen pral bay enfimyè a medikaman an nan resipyan orijinal li oswa nan boutèy preskripsyon aktyèl la.

Mwen konprann se yon paran/gadyen ki pral transpòte tout medikaman ale vini nan Phalen Academy 48. YO DWE RANMASE MEDIKAMAN YO ANVAN OSWA NAN DÈNYE JOU LEKÒL LA; SINON, YO PRAL JETE YO.

Mwen konprann yo dwe ranpli yon fòm apa pou chak medikaman. Demann sa a valab pou yon ane lekòl epi li dwe renouvle chak ane oswa nenpòt lè gen yon chanjman nan medikaman an.

Mwen konprann se sèlman manm pèsònèl ki otorize ki pral administre medikaman sa a bay pitit mwen, epi y ap kenbe li nan yon kote ki an sekirite nan klinik enfimyè lekòl la.

Non elèv la (ekri an lèt detache):

Klas:

Pwofesè:

Non medikaman an:

Sou preskripsyon ☐

San preskripsyon ☐

Kantite medikaman pou bay:

Lè pou administre: p.m. / p.m.

Kantite medikaman pou bay:

Rezon pou medikaman an:

Siyati paran/gadyen:

Dat:

Non an lèt detache:

Telefòn prensipal / Telefòn segondè: